

Èske Ou Konnen Kisa Ki Pral Rive Pitit ou yo Si Yo Arete oswa Depòte Ou?

ETAP 1: PALE AVÈK FANMI OU YO

Etap pi enpòtan an se pou ou chita avèk fanmi ou pou pale sou posiblite yo pral arête oswa depòte yon moun nan fanmi a.

- Kreye yon anviwòman senesòf pou pale.
- **Fè objektif konvèsasyon ou byen klè:** Objektif konvèsasyon an se pa pou fè manm lafanmi yo pè, sitou timoun yo, men pou prepare tout moun pou posiblite a ke ICE arete oswa depòte yon paran oswa manm lafanmi a.
- **Pran desizyon yo kòm yon fanmi.**
- **Patisipe nan ak pale sou senaryo diferan yo:**
 - Kisa ki pral rive si ICE arete manman? Kisa ki pral rive si ICE arete papa? Kisa ki pral rive si ICE arete toude paran yo?
 - Ki moun ki pral pran swen timoun yo si yo arete yon sèl oswa toude paran yo?
 - Kisa ki pral rive si yo depòte yon sèl oswa toude paran yo? Ki kote pitit ou yo pral abite? Ki moun ki pral pran swen yo?
- **Chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran swen timoun yo.** Sitiyasyon moun an k ap bay yo swen pa enpòtan.
 - Konsidere relasyon ou avèk moun sa a. Èske timoun an renmen moun sa a? Èske pitit ou boule byen avèk moun sa a? Èske pitit ou fè moun sa a konfyans? Èske pitit ou konfòtab avèk moun sa a? Èske pitit ou konnen kijan pou kontakte moun sa a si gen yon kadijans?
 - Èske moun sa a konnen pwosedi a pou pran swen pitit ou yo? Panse sou nenpòt medikaman pitit ou pran, vizit doktè, aktivite andeyò pwogram regilye lekòl, woutin chak jou yo, zanmi yo.



ETAP 2: RANMASE DOKIMAN YO

Lemoman ou fin gen yon plan, ranmase tout dokiman enpòtan ou yo ak ranplase dokiman yo ki manke (batistè, lisans maryaj, istwa medikal, paspò, dokiman sou sitwayentè doub, elatriye) epi mete yon nan yon kote ki ansekirite.

- Si pitit ou se yon sitwayen Ameriken, aplike toutswit pou paspò li. Si se posib, kontakte konsila ou ak aplike pou sitwayentè doub pou pitit ou.

ETAP 3: PALE AVÈK YON LIDÈ / AVOKA

Ale nan yon reyinyon ki baze nan kominote a sou Enfòmasyon sou Dwa ou yo ak yon klinik pou sèvis legal.

- Pale avè yon avoka sou ka patikilye ou ak travay avèk lidè yo nan kominote a pou kreye yon pake defans depòtasyon.

Pandan avoka, founisè sèvis pwofesyonèl, lidè kominote, ak ekspè yo kapab bay ou enfòmasyon ak rekòmandasyon itil, anfen, se dwa ak responsablite ou pou decide kisa ki fè plis sans pou ou ak manm lafanmi ou yo.



The Pennsylvania Immigration and Citizenship Coalition (PICC, Kowalisyon Imigrasyon ak Sitwayentè Eta Pennsylvania) se yon kowalisyon divès ki gen plis pase 50 òganizasyon manm yo nan tout eta a, ki dedye pou sèvi kòm defansè dwa imigran ak refijye yo.

www.paimmigrant.org | 215-832-0636